



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DISKOU YO JAN YO TE PREPARE L LA: GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE DISKOU  
ETA LETA A POU 2023 A**

***Ajanda "Reyalize Rèv New York la" gen ladan 147 inisyativ solid pou kreye yon  
New York ki pi abòdab, ki pi vivab epi ki pi an sekirite***

***Estrateji "Kontra Lojman New York la" pou abòde kriz lojman New York la,  
konstwi 800,000 nouvo kay pandan pwochèn deseni an***

***Plan ki pote transfòmasyon pou ranfòse swen sante mantal, ogmante kapasite  
pou tretman sikyatrik ospitalye pa 1,000 kabann epi ajoute 3,500 inite lojman k ap  
sèvi moun ki gen maladi mantal yo***

***Gwo inisyativ sekirite piblik ak envestisman pou diminye zam ak krim vyolan***

***Ogmante salè minimòm chak ane ak endekse li nan nivo enflasyon an, sa k ap  
ede Nouyòkè yo abòde ogmantasyon depans pou viv yo***

***Pwogram Kapital-ak-Envestisman pou redwi emisyon gaz a efè sè yo epi konbat  
chanjman klimatik yo***

***165 milyon dola nan sekou pou plis pase 800,000 kliyan sèvis piblik***

***Planifye pou rann gadri pi abòdab, aksesib, ak ekitab nan New York***

***Diskou sou Eta Leta a disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te prezante jodi a diskou sou Eta Leta a pou ane 2023 li a, kote li dekri plan li pou Reyalize Rèv New York la. Nan diskou a, Gouvènè Hochul te dekri eleman kle yo pou fè yon New York ki pi abòdab, ki vivab epi ki pi an sekirite.

Diskou Gouvènè a yo jan yo prepare a disponib anba a:

Mèsi, Gouvènè Adjwen Delgado. Mwen fyè pou m genyen ou bò kote m pandan n ap sèvi pèp New York la. E mèsi Rev Doktè W. Richardson pou bèl envokasyon sa a.

Mwen vle remèsye patnè mwen yo ki nan gouvènman an tou: Kontwolè Eta Tom DiNapoli. Pwokirè Jeneral Eta Tish James. Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins. Prezidan Asanble a Carl Heastie. Lidè Majorite Manm Asanble a Crystal Peoples-Stokes Lidè Minorite a Senatè Rob Ortt. Lidè Asanble Minorite a Will Barclay. Jij nan Kou Dapèl New York yo. Majistra Adams ak majistra ak Egzekitif Konte yo atravè Eta a. Ansyen Gouvènè David Paterson. Manm kabinè mwen an. Reprizantan travayè ak envite distenge yo.

Ofisyèl eli parèy mwen yo, se yon onè pou m retounen nan chanm sa a finalman avèk nou an pèsòn. Jis yon ane de sa, Omicron te fòse nou rete adistans. Jodi a, mwen ap pale dirèkteman non sèlman avèk nou men ak moun nou gen privilèj pou sèvi yo.

Nouyòkè parèy mwen yo, apre twa ane trè difisil, trajik, douloure, mwen fyè pou m di Eta Leta nou an solid, men nou gen travay pou nou fè.

Ane pase a, devan gwo difikilte ak ensètitud, nou te andire. Nou te pwouve mond lan ke New York ka tonbe. Men, nou toujou, toujou, leve kanpe.

Akòz sa, mwen optimis pou ane k ap vini an ak alavni. Nou toujou gen kèk gwo defi devan nou men batay pou fè sa ki dwat toujou vo lapèn pou pouswiv li.

Mwen kwè ke si nou reyini ansanm, nan moman enpòtan sa a, e si nou menm ki nan pozisyon pouvwa yo fè sa ki nesèsè pou pèp New York la, potansyèl pataje an pa gen limit.

Kòm mwen te di nan Diskou Inogiral mwen an: Lè nou ini, pa gen anyen ki ka kanpe nou. Epi nan sa ki gen pou wè ak mòn nou poko monte yo, nou pare pou grenpe yo ane sa a akòz somè nou te deja monte nan pase.

An 2022, nou te fè investisman istorik pou ranfòse ak amelyore enfrastrikti nou an; bati yon sistèm transpò piblik klas mondyal; kreye edikasyon piblik solid; konfwonte chanjman klimatik; fòtifye sistèm swen sante nou an; ede ti biznis nou yo retabli anba Covid; epi ankouraje devlopman ekonomik atravè Eta a.

Nou te fè pi gwo investisman nan istwa eta a, tankou 20 milya dola nan IBM ak 100 milya dola nan Micron, sa k ap kreye 50,000 nouvo djòb. Nou akselere rediksyon taks pou klas mwayèn lan, nou bay rabè taks sou pwopriyete, epi sispansyon taks sou gaz lè pri ponp lan te rive nan nivo rekò yo.

Ou te adopte, epi mwen te siyen, plis pase 840 pwojè lwa. An repons ak trajedi, ak epidemi vyolans ak zam ki gaye, nou ranfòse lwa sekirite kont zam nou yo - ki te deja pi fò nan nasyon an.

Lè Tribinal Siprèm lan te ranvèse Roe v. Wade, nou te pran mezi solid pou asire ke - isit la nan New York - aksè ak swen sante repwodiktif rete yon dwa imen.

E menmsi nou te gen revni san parèy, epi nou te jwenn yon sèl èd federal, gras ak patnè nou yo nan Washington - Lidè Majorite a Schumer, Senatè Gillibrand ak manm delegasyon Kongrè nou an.

Nou mete lajan akote tou pou move jou yo. Lè nou gade dèyè, sa te klèman yon bagay entèlijan pou nou fè paske yon ane pita, yon majorite ekonomis ap prevwa yon resesyon.

Epi se youn nan rezon ki fè nou p ap ogmante taks sou revni ane sa a. Mwen remèsye Lejislati a paske yo te patnè nan abòde defi 2022 yo.

Lè mwen te isit la dènyèman, mwen te pale de Rèv New York la. Pandan plizyè jenerasyon, moun soti toupatou nan mond lan vin isit la pou pouswit Rèv Ameriken an.

Mwen isit la jodi a paske rèv sa a te reyalize pa fanmi mwen. Epi mwen vle plis Nouyòkè gen aksè ak menm opòtinite fanmi mwen te genyen. Se sa ki sèvis piblik la.

Gran Frances Perkins, sekretè travay FDR la, te deklare yon fwa: "Yon gouvènman ta dwe vize bay tout moun ki anba jiridiksyon li pi bon lavi posib." Se tou.

Se travay la. Se sa nou la pou nou fè. Epi nou pa ka di nou fini deja. Paske menmsi nou te trase chimen pou sa ki ta dwe moman ki pi pwospere nan istwa New York.

Si Nouyòkè yo pa santi yo an sekirite nan kominote nou yo, si yo pa gen mwayen pou yo achte yon kay oswa pou yo peye lwaye a, lè sa a rèv la pa kapab reyalize.

Nou deja wè siy migrasyon eksteryè ke nou pa ka inyore, yon bagay ke mwen konnen twò byen nan grandi nan Lwès New York, nan yon moman kote travay yo te tèlman difisil pou jwenn. Nou pa ka pèmèt sa rive ankò. Bòn nouvèl la se: Li pa oblije konsa.

Sa mwen pral diskite jodi a se yon apèsi jeneral sou politik kle ki pral fè New York vin pi abòdab, pi vivab, ak pi an sekirite. Kite m di w kijan nou planifye fè sa.

Priyorite prensipal mwen antanke Gouvènè se epi l ap toujou rete kenbe Nouyòkè yo an sekirite.

Epi pa gen yon sèl jou ki pase ke mwen pa te konsantre sou objektif sa a. Pandemi a te lakòz anpil ravaj nan Eta nou an, nan peyi nou an, ak nan sosyete a li menm. Epi li te gen yon gwo efè sou sekirite piblik la.

Malèz omniprezan ki te antre nan lavi nou chak jou, izolman sosyal ak detrès ekonomik la, ki te mennen nan yon ogmantasyon nan tout peyi a nan krim ak vyolans ak zam ke nou ap konbat kounye a.

Pou reponn, nou devlope nouvo estrateji epi nou investi nan nouvo pwogram. Ranfòse lwa prevansyon kont vyolans ak zam nou yo lè nou adopte lòt lwa ki pi fò menm epi

fèmèn twou vid ki genyen yo. Entèdi zam fantom ak elaji elijibilite kosyon pou enfraksyon ak zam. Pouswit ki pi di kont trafik zam. Oblije itilize Lwa sou Sinyal Alam (Red Flag Law) lan ki mennen nan plis pase 5,000 ka kote nou te retire zam nan men moun ki pa ta dwe genyen yo epi anpeche moun inosan yo pa blese.

Ogmante laj minimòm lan a 21 ane pou achte zam semi-otomatik. Lanse yon gwoup travay ki se premye nan nasyon an ki gen 9 eta sou zam ilegal ki te retire plis pase 10,000 zam ilegal nan lari nou yo ane ki sot pase a. Epi triple envestisman nou yo nan pwogram entèripsyon vyolans ak zam yo.

Nou te kolabore ak gouvènman lokal yo jan sa pa te ko janm fèt avan. Soti nan mete plis polisye nan metwo yo, rive nan retire baryè nan Rochester, pou moun ki gen enterè yo finalman travay ansanm. Epi efò nou yo ap kòmanse mache.

Ane pase a, nou te wè yon diminisyon de chif nan alafwa omisid ak fiziyad yo. Men, nou toujou lwen nivo krim anvan pandemi an - epi travay nou an toujou lwen pou li fini. Pa gen okenn aspè nan diskisyon sou sekirite piblik ki pi kontwovèse pase refòm kosyon.

Menm jan ak anpil bagay nan politik jodi a, konvèsasyon an byen vit tounen yon deba ant de kan opoze ki pa gen okenn baz komen. Men, mwen kwè gen plizyè bagay pifò moun ka dakò sou yo.

Premyèman, gwosè kont labank yon moun pa ta dwe detèmine si yo dwe chita nan prizon, oswa si yo dwe retounen lakay yo, anvan menm yo te kondane yo pou yon krim.

Se te objektif refòm kosyon an. Se te youn ki jis, e mwen kanpe bò kote l. Dezyèmman, refòm kosyon se pa motè prensipal yon vag krim nasyonal ki te kreye pa yon konvèjans faktè, tankou pandemi an. Epi twazyèmman, ke lwa refòm kosyon an jan sa ekri kounye a kite plas pou amelyorasyon.

Antanke lidè, nou pa ka inyore sa, lè nou tande souvan Nouyòkè yo ke krim se pi gwo enkyetid yo. Kidonk, pou patnè mwen yo nan lejislati a, ann kòmanse ak konpreyansyon pataje sa a epi fè yon konvèsasyon byen reflechi pandan pwosesis bidjè a sou amelyorasyon nou ka fè nan lwa a.

Asireman, nou konnen si nou chanje lwa kosyon nou yo sa pa pral otomatikman diminye pousantaj krim yo. Epi tou, envestisman rekò n ap fè nan edikasyon, lojman ak sante mantal, tout ale nan estabilize kominote yo ak abòde inegalite istorik yo. Investisman sa yo dwe kontinye.

M ap pwopoze tou pi gwo envestisman ki te janm genyen nan inisyativ Eta a pou Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam lan, ki rele GIVE (Gun Involved Violence Elimination), ki sove lavi nan kominote ki pi frape pa vyolans ak zam yo. Pou senplifye li n ap investi nan sa nou konnen ki mache.

Fiziyad nan Buffalo diminye a 32%. Nan Long Island, yo diminye a 29%. Nan Westchester, 27% - tout jiridiksyon GIVE yo.

Mwen te mande Lapolis Eta a tou pou yo jwe yon wòl pi dirèk nan konbat krim vyolan nan kominote nou yo. Kidonk, nou pral elaji Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units) Lapolis Eta a nan 25 kominote atravè eta a.

Nan sa ki gen pou wè ak kenbe moun an sekirite ak pwoteje byennèt yo, repara sistèm swen sante mantal New York la esansyèl — epi y ap tann li depi lontan.

Menm anvan COVID, pousantaj maladi mantal yo te ogmante. Epi depi kòmansman pandemi an, plis pase youn sou twa Nouyòkè te chèche swen sante mantal, oswa konnen yon moun ki t ap chèche.

Twòp moun pami yo pa ka jwenn li. Baryè yo sanble san fen. Pa gen randevou ki disponib tou pre lakay yo. Asirans pa pral kouvri swen. Tann kabann sikyatrik nan lopital yo pou anpil tan.

Kòm rezilta, moun yo te oblije souffri an silans. Maladi a grandi lè yo pa trete l. Kidonk, li pa etonan ke kantite moun ki souffri maladi mantal kontinye ap grandi.

Nou te souzenvesti nan swen sante mantal pandan anpil tan, epi pèmèt sityasyon an vin tèlman difisil, ke li te vin tounen yon kriz sekirite piblik, tou.

Nouyòkè yo enkyete nan tren an ak nan lari nou yo lè yo wè moun ki sanble bezwen èd, moun ki pa ka pran swen tèt yo kòm sadwa, moun ki kapab fè lòt moun mal oswa tèt yo, moun ki riske viktim.

M ap deklare epòk pou inyore bezwen moun sa yo fini. Paske siksè nou kòm lidè gouvènman yo mezire pa kapasite nou pou leve ak sipòte tout elektè nou yo.

Jodi a make yon ranvèsman nan apwòch eta nou an nan swen sante mantal. Sa a se yon chanjman monimantal pou asire ke yo pa neglije pèsòn. Chanjman ki pi enpòtan depi epòk dezenstitisyonalizasyon epòk 1970 yo.

Mwen fyè pou m anonse nou pral investi plis pase 1 milya dola epi fè chanjman enpòtan nan politik pou finalman ak konplètman satisfè bezwen sante mantal eta nou an.

Kounye a, prèske 3,200 Nouyòkè ap lite ak maladi mantal grav oswa adiksyon ap viv nan lari ak nan metwo.

An menm tan, nou pa gen ase nivo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène ak sèvis pou pasyan ekstèn.

N ap ajoute 1,000 kabann sikyatrik pou pasyan ki entène, nou pral finanse 150 nouvo kabann nan etablisman Eta yo epi n ap remETE 850 kabann sikyatrik an sèvis nan

lopital yo. Sa a se plis pase mwatye kabann nou te pèdi depi 2014 epi yo pral sèvi plis pase 10,000 Nouyòkè chak ane. Yo ap tann aksyon sa yo depi lontan.

Ane pase a, yo te mande nou pou ogmante pousantaj ranbousman lopital pou pèmèt kabann sikyatrik yo vin finansyèman vyab. Nou te fè sa, epi nou te bay 27.5 milyon dola nan finansman ak ranbousman ki pi wo. Potan, dè santèn nan kabann sa yo toujou rete san fonksyone. Epi sa pa akseptab.

Kidonk, kounye a nou pral ensiste pou yo mete kabann sa yo an fonksyon, epi chèche pi gwo otorite pou Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) la pou asire koperasyon total pou atenn objektif sa yo. Sa a se yon enperatif moral, epi li se yon enperatif sekirite piblik.

Nou pral investi tou nan sèvis ki pèmèt pasyan yo kòmanse re-entegre yon fason ki an sekirite pou yo ak pou kominote a pou kabann pou pasyan ki entène nou yo pa jwenn konsiderasyon, paske opsyon tretman ki pi apwopriye pou pasyan ekstèn yo pa disponib.

Nou konnen lojman sipò se yon zouti pou prevansyon ak rekiperasyon. Se poutèt sa plan mwen an gen ladan bati plis pase 3,500 inite rezidansyèl, ki sipòte pa sèvis sante mantal entansif.

Epi nou pral asire ke pandan pasyan yo deplase soti nan yon kalite tretman rive nan yon lòt, pèsonn pa rete dèyè. Plan nou an egzije etablisman yo pou yo egzeyate pasyan ki gen gwo risk yo nan sèvis entansif konplè yo.

Epi mwen pral pwopoze lejislasyon ki entèdi konpayi asirans yo refize aksè ak sèvis sante mantal enpòtan yo.

Finalman, nou pral konsantre sou timoun nou yo. Paske twòp lekòl pa bay sipò sante mantal. Pitit nou yo bezwen sèvis prevantif kounye a pou anpeche yo bezwen sèvis entansif alavni.

Nou vize bezwen sante mantal ki pa konble yo pami timoun nan omwen a mwatye nan senk ane kap vini yo.

Kidonk, kit nou pale de yon timoun ki gen pwoblèm konpòtmantal, oswa yon adilt ki soufri depresyon, pèsonn pa ta dwe ale san yon tès depistaj oswa yon randevou oswa konsèy yon doktè. Epi pri pa janm dwe yon obstak.

Sa gen ladann swen pou moun ki soufri adiksyon, espesyalman moun ki gen difikilte ak opyoyid yo. Gen twòp fanmi, enkli fanmi pa m lan, ki andire doulè nan pèdi yon pwòch yo.

Se poutèt sa nou pral fè plis, travay ak patnè federal ak lokal yo, pou sispann sikilasyon dwòg ilegal nan kominote nou yo epi adrese nouvo aditif ki ka touye moun tankou zilazin N ap voye resous nan lokalite k ap travay pou fèmen founisè fentanil yo.

Nou pral kontinye ogmante aksè ak teknoloji ki ka detekte aditif ki ka touye moun anvan yo itilize yo, epi ki ka ranvèse sidozaj yo. Epi nou pral kreye yon nouvo gwoup travay entèajans ki egzamine tout solisyon posib. Paske nou dwe afwonte kriz sa a ak ijans li mande a.

Okòmansman, mwen te di nou dwe amelyore kalite lavi pou Nouyòkè yo. Men, ou pa ka vrèman pale sou kalite lavi san ou pa pale sou depans pou viv yo. Avèk enflasyon ki monte, pri yo ap monte sou tout sa fanmi yo bezwen achte. Anplis de sa, peye lwaye a chak mwa oswa ipotèk—li jis akablan.

Kidonk, ann pale sou pi gwo depans tout moun: Mwen panse ak istwa pwòp fanmi mwen. Paran mwen te kòmanse lavi matrimonyal nan yon pak trelè. Sou salè papa m nan izin asye a, yo te finalman te kapab viv nan yon ti apatman anwo kay la. Apre sa, yo fè ekonomi epi yo jwenn yon ti kay Cape Cod.

Pandan nou t ap grandi epi papa m te chanje travay. Mwen te gade siksè paran m yo devlope atravè pwogresyon nan kay yo te kapab peye. Yo te konnen jan lojman te enpòtan, epi yo te leve nou pou goumen pou chanjman.

Yo te aktivis, e yo te sèvi kòm volontè pou yon òganizasyon ki rele "Opòtinite Lojman Egalite" (Housing Opportunities Made Equal) - nan yon moman ak nan yon kote lè sa a te trè kontrovèse.

Yo te konprann ke pou yon sosyete rive nan tout potansyèl li, aksè egal ak lojman se yon bezwen.

Paske lè pa gen ase lojman pou moun nan tout nivo revni, yo gen difikilte.

Si bagay yo vin mal ase, yo kite pou y al chèche opòtinite yon lòt kote.

Pandan dis dènye ane yo, eta nou an te kreye 1.2 milyon djòb - men sèlman 400,000 nouvo kay. Anpil fòs te mennen nan sikonstans sa a.

Men, nan devan ak nan sant lan se politik lokal itilizasyon tè ki pi restriktif nan nasyon an. Atravè zonaj, kominote lokal yo genyen gwo pouvwa pou bloke kwasans. Ant entèdiksyon total pou kay milti-fanmi yo, ak dekoupaj an zòn ak pwosesis apwobasyon penib, yo rann li difisil - menm enposib - pou konstwi nouvo kay.

Panse sou sa. Moun vle viv isit la, men desizyon lokal pou limite kwasans vle di yo pa kapab. Gouvènman lokal yo kapab e yo ta dwe fè chwa diferan.

Mwen te pase 14 ane nan gouvènman lokal la, epi kominote nou an te gen yon Plan Direktè ki baze sou sitwayen yo ki te pèmèt lojman sible ak kwasans ekonomik, pandan y ap prezève espas vèt. Mwen konnen sa ka fèt.

Men sa pa fèt. Ant 2010 ak 2018, Konte Nassau, Suffolk, Westchester, ak Putnam yo chak te akòde mwens pèmi pa abitan pou konstriksyon pase prèske tout konte banlye yo atravè: Massachusetts, Connecticut, Southern California, New Jersey, Pennsylvania, ak Northern Virginia.

Epi nan sa ki gen pou wè ak Vil New York, lòt zòn métro ap kreye nouvo lojman nan de a kat fwa pousantaj nou ye a. Pousantaj Boston an prèske doub. Washington, D.C. triple. Seattle, kat fwa.

Avèk mwens estòk, demann yo ogmante pri yo. Epi ki moun k ap peye sa a? Fanmi revni mwayèn yo ak fanmi ki gen revni fèb yo.

Se poutèt sa depi lè mwen vin gouvènè, lojman devan ak nan sant nan ajanda mwen an. Bidjè nou te adopte ansanm ane pase a te gen yon plan senkan, k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab, ki se pi gwo envestisman lojman nan istwa eta nou an.

Nou te debloke plizyè milya dola pou NYCHA, atravè kreyasyon Fidisi Prezèvasyon Lojman Piblik Vil New York (New York City Public Housing Preservation Trust) la. Nou te kreye Pwogram Asistans Legal Prevansyon Degèpisman 25 milyon dola, pou nou asire lokatè vilnerab yo gen reprezantasyon yo merite nan tribinal la. Nou te envesti 539 milyon dola nan Fon Asistans pou Pwopriyete Kay la epi nou te fè 100 milyon dola nan sipleman lwaye disponib.

Ansanm te akonpli anpil, e mwen vle remèsye Lidè Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Carl Heastie paske yo te bay lojman priyorite.

Yo rekonèt avèk rezon ke twòp nan pèp nou an ap lite pou jwenn yon kote pou yo rele lakay yo, epi yo ap chèche lidèchip solid nan men nou. Yo mande yon aksyon desizif pou kounye a.

Jodi a, mwen fyè pou m prezante Kontra Lojman New York (New York Housing Compact) la, yon estrateji revolisyonè pou katalize devlopman lojman nou bezwen pou kominote nou yo pwospere. Pou nou ekonomi nou an grandi. Epi eta nou an pwospere.

Kontra rasanble yon gwo meni chanjman politik ki pral kolektivman reyalize objektif anbisye 800,000 nouvo kay pandan pwochen deseni an

Kontra fikse atant klè pou kwasans nou bezwen an pandan y ap bay lokalite yo anpil zouti, fleksibilite, ak resous pou estimile kwasans sa a.



Chak lokalite atravè eta a pral gen yon objektif pou bati nouvo kay. Nan nò eta a, objektif la se pou estòk lojman aktyèl la grandi a 1% chak twazan. Nn sida 3% chak twazan.

Anpil lokalite atravè eta a deja atenn objektif sa yo. Anpil lòt jis nan yon ti kras mwens.

Epi nan ti vil ak vilaj nou yo, jis yon ti ponyen nouvo kay pral vle di yo atenn sib yo. Men reyalite a se ke kèk kominote pral bezwen fè chanjman reyèl pou konstwi kay nou bezwen yo.

Sa se pa yon apwòch inivèsèl. Gouvènman lokal yo ka atenn objektif sa yo jan yo vle epi fòme fason yo elaji kapasite bilding yo, tankou redevlopman ansyen sant komèsyal ak pak biwo yo, ankouraje nouvo pwodiksyon lojman, oswa mete ajou règleman zonaj yo pou diminye baryè yo.

Nou konnen sa a se yon gwo demand. E se pou sa lokalite yo pral jwenn èd nan men Eta pou akonpli objektif pataje sa a. Nou pral ofri nouvo finansman sibstansyèl pou enfrastrikti tankou lekòl, wout, ak egou ki nesèsè pou sipòte kominote k ap grandi yo.

Epi nou pral retire fòmalitye administratif yo pou pèmèt pwojè yo avanse rapid pandan n ap toujou pwoteje sante, sekirite ak anviwònman kominote nou yo.

Men, lè kominote yo pa te fè efò bòn fwa pou yo grandi lè pwojè lojman yo pwopoze yo ap deperi san rezon lejitim, Eta a pral aplike yon nouvo pwosesis apwobasyon rapid.

Paske pa fè anyen se yon abdike responsablite nou pou aji nan moman kriz. Kontra Lojman an konsantre tou sou devlopman ki oryan sou transpò. Nou tout konnen ke MTA se eleman vital rejyon Metwo Vil New York la, epi n ap kontinye investi ladan epi asire sante fiskal alontèm li.

Investisman nou yo nan liy tren banlye klas mondyal nou yo te konekte plis moun nan travay, epi kreye plis sant vil ki pwospere.

Se poutèt sa li fè sans pou konstwi nouvo lojman nan menm zòn sa yo. Se sa k ap pase nan vil yo atravè lemond.

Kidonk, kòm yon pati nan Kontra a, nenpòt minisipalite ki gen yon estasyon tren pral refè zpnaj zòn nan prèske yon kilomèt ak estasyon an, pou pèmèt kreyasyon nouvo lojman nan twa ane k ap vini yo.

Finalman, reyalite a se ke nou pa ka satisfè demann pou lojman san yon pwogram ankourajman tankou 421a nan Vil New York. San li, devlopè yo pral sèlman bati kondominyòm oswa bati yon lòt kote, ki se pa rezilta nou bezwen an.

Pou atenn objektif lojman nou yo, nou pral travay ak Lejislati a sou yon ranplasman pou pyès enpòtan sa a nan kastèt la.

An jeneral, plan sa a se anbisye. Men, se sa Nouyòkè yo atann epi merite nan men lidè yo.

Jodi a, nou di pa gen delè anplis. Nou pa ka tann ankò pou yon lòt moun rezoud pwoblèm sa a. Lojman se yon dwa moun. Asire ase bati kay se fason nou pwoteje dwa sa a.

Gen yon pwovèb ki di, "Pa janm kite yon bon kriz gaspiye." E nou pap gaspiye opòtinite sa a. Nou jis bezwen tout moun ak chak kominote fè pati pa yo.

Rezoud kriz lojman nou an t ap yon gwo etap pou fè New York vin pi abòdab. Men, li dwe fè pati yon apwòch ki pi laj.

Pwopriyete kay ak lokatè yo enkyete pou peye bòdwo enèji yo. Paske to yo nan nivo rekò, kondwi pa fòs jewopolitik ki deyò kontwòl nou, men ki frape bous nou isit la lakay nou.

Ivè sa a, nou pral fè fas ak pri enèji ki 20 a 30 pousan pi chè konpare ak ane pase. Sa fòse twòp fanmi ki gen revni fèb pou deside: Èske nou kite tèmosta limen? Oswa èske nou mete manje sou tab la?

Okenn moun pa ta dwe nan sitiyaasyon pou fè chwa sa. Epi sa pa itil anyen paske New York gen kèk nan pi ansyen kay nan nasyon an. Yo mwens izole, pi difisil pou chofe, epi yo gen pi wo emisyon ki lakòz efè sè.

An reyalye, bilding yo se pi gwo sous emisyon nan eta nou an, ki reprezante yon tyè nan pwodiksyon gaz ki lakòz efè sè nou an, ansanm ak polisyon ki agrave opresyon ak mete timoun nou yo an danje.

Kidonk jodi a, m ap pwopoze yon seri politik anbisye pou izole kay ki pi vilnerab nou yo kont bòdwo enèji egzòbitan yo, epi pou netwaye chemen an pou yon avni ki pi dirab.

Nou ap rele li pwogram "The EmPower Plus", epi li pral ede fanmi ki gen revni fèb yo modènize kay yo lè yo ajoute izolman, amelyore aparèy yo, epi chanje soti nan konbistib fosil pou netwaye sistèm chofaj elektrik yo.

Pwogram sa a pral rive jwenn plizyè dizèn milye kay nan yon ane. Kay ki elektrifye yo pral elijib pou yon Garanti Abòdabilite Enèji ki se premye nan nasyon an, yon pwomès ke yo p ap janm depanse plis pase 6 pousan nan revni yo sou elektrisite.

Epi nou vle tou soulaje fado sou rezidan nou yo ki gen difikilte ak bòdwo elektrik ki wo. Kidonk, nou pral bay omwen 165 milyon dola nan sekou pou plis pase 800,000 kliyan sèvis piblik. Nou konnen ke kle nan dirabilite alontèm - pou bous nou yo ak planèt nou an - se sevre tèt nou ak gaz fosil yo.

Pou mete nou sou chemen sa a, mwen pwopoze yon plan pou mete fen nan vant nenpòt nouvo ekipman chofaj ki mache ak gaz fosil disi 2030.

Epi m ap mande tout nouvo konstriksyon pou yo zewo emisyon, komanse an 2025 pou ti batiman yo 2028 pou gwo batiman yo. Nou ap pran aksyon sa yo paske chanjman klimatik la rete pi gwo menas pou planèt nou an, ak pou pitit nou yo ak pitit pitit nou yo.

An 2019, lejislati sa a te etabli manda agresif ak dat limit pou diminye emisyon yo.

Epi kounye a, nou ap egzekite plan sa a. Asireman, nou dwe fè sa yon fason reflechi. Nan yon fason ki priyore abòdabilite, pwoteje moun ki deja ap lite pou yo viv, epi korije enjistis anviwonmantal nan tan pase yo.

Ak sa nan lespri nou, n ap pouswiv yon pwogram Kapital-ak-Envestisman k ap mennen nan peyi a pou limite emisyon ki lakòz efè sè, envesti nan ekonomi enèji pwòp, epi bay priyore sante ak byennèt ekonomik pou fanmi nou yo.

Gwo emetè pral oblije achte pèmi pou vann konbistib ki polye yo. Plis gaz la sal - se plis pri a ap eleve. Epi pati "envestisman" nan pwogram nan pral akselere tranzisyon enèji pwòp la epi li gen ladan yon rabè inivèsèl Aksyon Klima ki pral bay 1 milya dola nan revni ke nou pral asiye pou ede kouvri bòdwo sèvis piblik yo, depans transpò, ak efò de-kabonizasyon yo.

Epi sa ki bon nan Kapital ak Envestisman se ke li ofri nou fleksibilite, pou nou ka konsantre efò nou yo sou pi gwo polye yo epi asire fanmi yo, fèm yo ak ti biznis yo pa kraze akòz depans yo.

Pandan nou ede fanmi yo ak depans enèji ak tranzisyon alavni, nou konnen lavni an se pou pitit nou yo.

Kòm premye manman ki dirije eta sa a, mwen konnen pèsònèlman enpak mank gadri abòdab genyen sou fanmi yo.

Men, kòm Gouvènè, mwen konnen tou enpak sou ekonomi eta a. Sa gen plis pase 35 ane, mwen t ap travay nan Capitol Hill, pou Senatè Daniel Patrick Moynihan.

Mwen te renmen travay mwen, men pa t gen opsyon gadri abòdab ki disponib pou mwen. kidonk, mwen te oblije poz karyè mwen an pou elve pitit mwen yo.

Se twò souvan manman yo, an patikilye, ki oblije fè gwo sakrifis sa a. Se poutèt sa mwen te tèlman fyè pou m te anonse 7 milya dola sou kat ane pou gadri abòdab nan bidjè ane pase a, epi nou te travay ansanm pou fè sa.

Nou te redwi depans pou plis fanmi yo epi nou te elaji rezèv swen nan zòn ki te gen anpil mank yo. Men, twòp fanmi pa jwenn aksè ak resous ki disponib yo.

Mwens pase 10% fanmi ki elijib pou asistans gadri yo aktyèlman enskri. Sa a se eritaj yon sistèm ki difisil pou navige - pa konsepsyon. Sa dwe chanje.

Plan nou an pral rasyonnalize ak santralize pwosesis aplikasyon pou gadri a, elaji aksè pou fanmi ki pi vilnerab yo, ogmante kalifikasyon revni, ak ko-peman ki pi fèb, pandan n ap sipòte founisè swen timoun yo ki endispansab pou paran k ap travay yo.

Kounye a, si nou reyèlman vle atake kriz abòdabilite a tèt pou tèt, nou dwe rekonèt ke travayè ki gen salè fèb yo te frape pi plis pa gwo enflasyon.

Pri an mwayèn chak mwa nan machandiz ak enèji pou kay ki gen revni fèb te moute nan plis pase 13% nan sèlman de ane.

Sa pouse fanmi yo sou maj ripti a. Kidonk, kòm yon kesyon ekite ak jistis sosyal, m ap pwopoze yon plan pou mete salè minimòm lan nan nivo enflasyon an.

Si depans yo ap monte, salè ap monte tou. Menm jan ak lòt eta ki te aplike politik sa a, nou pral mete ray pwoteksyon an plas pou fè ogmantasyon previzib pou patwon yo, epi kreye fleksibilite nan ka gen yon resesyon.

Men, chanjman enpòtan sa a pral bay prèske 900,000 travayè salè minimòm yon liy sovtaj. Travayè sa yo gen plis chans pou yo se fanm, anpil nan yo se manman selibatè, epi yo gen plis chans pou yo se moun koulè.

Mete plis lajan nan pòch yo ede yo ak ekonomi nou an jeneral, paske li retounen nan biznis lokal yo ak nan sèvis yo.

Inisyativ ak politik sa yo, nouvo investisman ak apwòch, se sèlman twòkèt la.

Sa w tande de mwen se pi gwo priyorite m pou amelyore lavi Nouyòkè yo.

Men, se pa yon lis konplè. An reyalite, mwen konnen anpil nan nou pa ka tann pou li liv 275 paj nou an ki gen 147 pwopozisyon politik reflechi.

Men, an rezime: Objektif mwen yo dwat ak klè. Nou pral rann New York pi an sekirite. Nou pral rann New York pi abòdab. N ap kreye plis djòb ak opòtinite pou Nouyòkè yo jodi a ak demen.

Nou pral ouvri pòt pou kominote yo ak moun ki istorikman yo te bloke chans egalite yo pou yo reyisi.

Pandan lòt Eta yo kontinye ap fè mach aryè nan sa ki gen pou wè ak dwa fondamantal yo, nou pral pwoteje ak enskri dwa sa yo. Epi n ap kontinye mennen nan nasyon an nan tout sans.

Travay ki devan nou an redoutab ak anje yo pa ta ka pi wo. Men, mwen gen chans pou m abite nan kay ki yon fwa te okipe pa youn nan pi gwo lidè ak pansè Eta nou an ki te rele Roosevelt.

Eleanor Roosevelt te di yon fwa, "Ou menm ki pral bati yon nouvo mond dwe avanse ak kouraj." Nou pral bati yon nouvo mond. Epi nou pral kouraje. Nou pral fè bagay ki difisil yo, bagay ki nesèsè yo, pou nou leve epi sipòte Nouyòkè yo epi trase fè yon chemen pou yo reyalize Rèv New York la.

Se pwomès mwen fè pèp la. Nouyòk, epi mwen pral travay ak manm lejislati a pou kenbe pwomès sa a.

Se pou Bondye beni gran Eta New York la, epi se pou Bondye beni Etazini. Mèsi.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418